

# JWENN ENFÒMASYON YO.

LI DISPONIB  
PR GRANMOUN,  
TIMOUN AK TIBEBE  
KOUNYA.

PWOTEJE PITIT OU A.



PWOTEJE KOMINOTE W.

## Timoun ak jèn yo ap pi an sekirite lè yo ajou ak vaksen COVID-19 yo.

Vaksen an pwoteje tout moun, ki gen ladan timoun ak jèn, pou yo pa pran COVID-19. Vaksen an tou anpeche timoun ak jèn, pou yo pa vin grav si yo vin malad.

Genyen nouvo varyan COVID-19 ki pwopaje pi fasil epi gendwa lakoz sentòm ki pi grav. Vaksen yo pwoteje kont varyan yo.

## Vaksinè timoun ak jèn pwoteje tout kominote a.

Moun ki ajou ak vaksen COVID-19 yo genyen mwens chans pou simaye viris la bay lòt moun. Lè timoun kalifye vaksinè sa pwoteje:

- Zanmi ak fanmi yo ki poko vaksinè.
- Granmoun ak moun ki genyen kèk kondisyon medikal ki anba gwo risk malad grav ak COVID-19.

Ofiramezi plis timoun ak granmoun ap vaksinè, li pral pi fasil pou lekòl ak biznis kontinye ouvri.



### SAN DANJE AK EFIKAS

- Pa gen ankenn vaksen yo janm teste pou sekirite l nan nivo sa a nan listwa Etazini.
- Vaksen an pwouve li san danje pou timoun, jèn ak granmoun, sa ki genyen ladann ras, etnisite ak laj diferan.
- Vaksen COVID-19 pa afekte peryòd yon timoun ap fòme oswa fètilite alavni. Vaksen p ap fè pitit ou pa ka fè pwòp pitit pa yo yon jou.

### GRATIS POU TOUT MOUN

- Oumenm ak pitit ou ka jwenn yon vaksen gratis kèlkeswa **sitiyasyon w ak imigrasyon**.
- Ni oumenm oswa pitit ou pa bezwen **montre Idantifikasyon w** oswa genyen **asirans sante**

# Kisa Pou w atann

Lè pitit ou ajou nan vaksen COVID-19 yo, y ap pi an sekirite nan lekòl, nan pratike espò, ak vizite zanmi ansanm ak fanmi. Ajou vle di pran tou de dòz vaksen yo, epi answit nenpòt piki boustè ke w kalifye pou li.



## Nan randevou a:

- Avan enfimyè oswa doktè a bay pitit ou a vaksen an, yo pral pale w de li, revize istorik medikal pitit ou a epi mande w si w pa genyen kesyon.
- Pitit ou a pral bezwen rete pandan 15–30 minit pou asire ke li pa fè alèji.



## Ti efè segondè lejè nòmal

Efè segondè PA vle di pitit ou a genyen COVID-19.

Efè segondè yo vle di ke vaksen an ap montre kò pitit ou a kòman pou li konbat COVID-19.

Ti efè segondè lejè gendwa gen ladan yo :

- Doulè oswa enflamasyon nan bra kote yo te ba w vaksen an
- Fatig
- Tèt fèmäl
- Doulè nan mis
- Frison
- Fyèv
- Kè plen



## Efè segondè grav ra anpil

**Vaksen yo san danje. Li pi fasil pou pitit ou genyen konplikasyon grav akòz COVID-19 ke akòz yon vaksen.**

Gen yon ti kantite jèn moun ki te fè eksperyans efè segondè tankou enflamasyon kè (ke yo rele myokad oswa perikadit) oswa boul san.

- Efè segondè grav **ra anpil**
- Efè segondè grav **ka trete** epi pifò moun ki genyen yo vin fè mye
- Avantaj vaksen an pi bon lontan pase nenpòt risk ki asosye avèk li

## MANDE DOKTÈ W PLIS ENFÒMASYON

Pale ak doktè oswa enfimyè pitit ou pou aprann plis sou vaksen COVID-19 yo ak lòt vaksen pitit ou a gendwa bezwen.